жылы жазып алынған болып, ол Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң қолжазбалар фондында сақланып турған еди ҳәм ол 2013-жылы, Нөкис «Илим» баспасы тәрепинен басылып шықты.

Жуўмақлап айтқанда усындай уллы бақсылардың минсиз хызметлери арқалы халық дәстанлары, халық намалары, халық қосықлары болған миллий мәдений, әдебий, тарийхый мийрасларымыз сақланып қалынды. Бул уллы ислер журт басшымыздың қоллап қуўатлаўы менен бүгинги ғәрезсизлик дәўиринде қайта қолға алынып, устыз-шәкирт дәстүрлери даўам етип атыр.

**Әдебиятлар**


1. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. –Нөкис: «Билим». 1996.
4. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983. 13-б.
5. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. –Нөкис: «Қарақалпакстан», 1992. 228-б.
6. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968. 140-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ халқ достонларининг ижрочилари бўлган бахшиларнинг халқ оғзаки ижодкорлиги намуналарини сақлаб қолишдаги хизматлари атаб ўтилган. Шунингдек, бахшиларнинг бу борада амалга оширган ишлари алоҳида таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье упоминаются заслуги бахши – исполнителей каракалпакского народного эпоса в сохранении образцов народного устного творчества. Также отдельно проанализирована работа бахши в этом направлении.

**SUMMARY.** The article mentions the services of Bakhshis, performers of Karakalpak folk epics, in preserving examples of folk oral creativity. Also, the work done by gardeners in this regard was analyzed separately.


## А.ПАЗЫЛОВ ГҮРРИҢЛЕРИНДЕГИ СЮЖЕТЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕР


**З.К.Ктайбекова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ҳикоя, сюжет, воқеа, сюжет типлари, персонаж, характер, туш мотиви, диалог, маҳорат.

**Ключевые слова**: сюжет, повесть, типы сюжета, персонажлар, характер, мотив сна, диалог, мастерство.

**Key words:** plot, story, plot types, heroes, character, dream motif, dialogue, skill.


Сюжет көркем шығармадағы эстетикалық мәнис-мазмунның тийкарғы шәртлеринен бири. Шығарма сюжетинде ўақыялар белгили бир тәртипте сүўретленеди. Турмыс ўақыяларының, өмирдеги қарама-қарсылықлардың берилиўи ҳәм бул ҳәдийселердиң шешилиўи көркем шығарма арқалы сәўлелендириледи. Өзбек әдебиятшысы И.Султанның пикиринше, «шығармада сөз етилетуғын ўақыя сюжет деп аталады», «сюжет шығарма мазымунына тийкар болған киши ҳәм үлкен ўақыя болып қалады» деп жазады [2:108]. Илимпаз Д.Қуранов «сюжетти бир-бирине тығыз байланыслы ҳалда өтетуғын, персонажлардың ис-ҳәрекетлеринен қуралыўшы ўақыялар системасы», - деп түсиндиреди [3:136].

Көркем шығарма сюжетин жаратыўда жазыўшыдан айрықша шеберлик талап етиледи. Сюжеттеги пүтинликти тәмийинлеўде ўақыялардың әпиўайы ҳәм қызықлы түрде сәўлелениўинде, соның менен бирге турмыслық ҳәдийселердиң көркем сүўретлениўинде жазыўшының таланты, жеке шеберлиги, өзиншелиги көзге тасланады.

А.Пазыловтың «Мәккар ҳаялдың ҳийлеси» атлы гүрриңлер топламында усындай турмыслық ўақыяларды сәўлелендириўши бир қатар гүрриңлери орын алған. Атап айтқанда, «Турсынбектиң үйлениўи», «Түс», «Ҳәзил», «Мәккар ҳаялдың ҳийлеси» атлы гүрриңлеринде турмыслық машқалалар, шаңарақтағы перзент тәрбиясы, жәмийеттеги айырым адамлардың байлық арттырыў жолындағы унамсыз ҳәрекетлери сүўретленген. Жазыўшы гүрриңлердеги қаҳарманлардың тәғдирин сүўретлеў арқалы ҳәр бир персонаждың характерин терең ашып бериўге ерискен. Бунда жазыўшы турмыс ўақыяларын ҳәр қыйлы сюжет типлери арқалы сүўретлеп бере алған.

«Турсынбектиң үйлениўи» гүрриңинде жаслар турмысы сәўлеленген. Гүррин усы шығарманың қаҳарманы Әдилбектиң тилинен баянланады. Оқыўды питкерген жаслардың өмирде өз орнын табыўы, шаңарақ тиклеў машқаласы, дослардың бир-бирине жәрдем қолын созыўы т.б. ўақыялар раўажланыўы болса гүрриң қаҳарманы Турсынбектиң әтирапында сүўретленеди.

Гүрриң ўақыялары ретроспективлик сюжет типинде ашып берилген. «Ўақыялар кери тәртипте бериледи, жазыўшы ўақыялардың раўажланыўын тоқтатып қойып, мәселениң тарийхына қайтады. Жүз берип атырған процесслердиң дереклерин көрсетиў қаҳарман характериниң қәлиплесиў себеплерин ашыў имканиятын береди. Сюжеттиң бул түри ретроспективлик сюжет деп жүритиледи» [3:10]. Изертлеўши Б.Тўраеваның пикиринше, ретроспекция – композициялық тийкарлаў қуралы болып, қаҳарманның өмирин, оның алдыңғы тарийхын кеңейтиў ушын имканият жаратады, жағдай ҳалатын анықластырады [9:5].

Дослардың институтта оқып жүрген пайыттағы басынан кеширген турмыслық ҳәдийселери, Турсынбектиң мийнеткешлиги, шөлкемлестириўшилик уқыплылығын тәриплеў менен оның шаққанлығы, еки бөлмели жай тиклеп алыўы, оқыўды питкерген соң оның бир мәрте шаңарақлы болып турмысы келиспей ажырасқанын, енди жәнe үйлениўи кереклиги Әдилбектиң тилинен баян етиледи.

«Ретроспекция себепли оқыўшы илгери алынған мағлыўматларды қайта тиклеп, оны қайта көрип шығыўы ҳәм ақыр – ақыбетинде автордың нийетин аңлап жетиўи мүмкин. Яғный, ретроспективлик сюжеттиң тийкарғы ўазыйпасы персонажлардың өтмиши ҳаққында хабар бериў, баҳалаў, образды түсиниў, ҳәдийселерди түсиндириў ҳәм драматизмди күшейтиўден ибарат» [10:130].

Гүрриң сюжетиндеги кейинги ўақыялар Турсынбекке қыз излеп Қанлыкөл районынан табыўы, қыз бенен ушырасыўлары, нәтийжеде Қәллигүлге үйленип бахытлы шаңарақ болып жасап атырғаны т.б. қызықлы ўақыялар арқалы ашып бериледи.

«Түс» гүрриңинде де турмыслық мәселелер Оразымбеттиң шаңарағындағы ўақыялар тийкарында сүўретленген. Шығармадағы ўақыялар түс мотиви жәрдеминде ашылады. Оразымбет мотоциклиниң бузылып қалғанын түсинде көрип шоршып оянады. Бул нәрсени үйде қолайсыз ўақыя болатуғынынан дәрек береди деп болжайды.

Ҳаялы Оразханның наўқаслығы себепли Ташкентке врачқа тийисли жолламаны алып, ушып кететуғын күни түс көриўи Оразымбетти үлкен қәўетерге салады.

Гүрриң ўақыялары концентрлик сюжет негизине қурылған. «Концентрлик сюжетте ўақыялар себеп ҳәм ақыбет тәртибинде жайластырылады. Сюжеттиң бул түринде турмыслық ўақыялар ҳәм қаҳарманлар характерин тереңирек талқылаўға имкан жаратылады» [5:42]. «Концентрлик сюжет ўақыялары бир тийкарғы ўақыя әтирапында айланыўы менен характерленеди» [2:140]

яғный шығармадағы ўақыялар бир орайға жәмлескен ҳалда баянланады.

Оразымбеттиң Ташкентке кетпестен алдын көрген түси кейинги ўақыялардың ашылыўына себеп болады. «Тап усы ўақытта бирден мотоцикли де бир жағына аўғандай болды да, өзинен өзи өшип, турып қалды.

Мотоциклдиң лёлка жағын бириктирип турыўшы алдыңғы рамасы жарылып, айрылып кетипти… Алдыңғы дөңгелек шеп жаққа қарап тур. Кейинги дөңгелек алдыңғы дөңгелек бурылған жаққа жүрежақ ойы бардай. Ал лёлканың дөңгелеги лёлка менен қосылған ҳалда оң жаққа бурылып тур. Раманы сым темир менен болса да тарттырып бириктирмекши болып еди, ол бирикпеди [1:19].

Халқымыз арасында түсти болжаў, оны символ сыпатында талқылаў ертеден қәлиплескен. Шығармада сүўретленетуғын ўақыялардың барлығы усы түс арқалы аян болады. Оразымбеттиң 40 күн бурын көрген түсиниң дәл келиўи оны ҳайран қалдырады.

Оразымбеттиң өзиниң өтмиш тәғдирин, Оразхан менен турмыс қурған ўақытларын, балаларын үйлендириўи, жай сатып алып берип балаларын басқа шығарыўы т.б. еске түсиреди. Ҳаялы Оразхан қайтыс болғаннан кейинги шаңарақтағы балаларының арасындағы келиспеўшиликлер, олардың өзине топылыўлары Оразымбетти ҳалдан тайдырады.

Автор гүрриң ўақыяларын түс мотиви арқалы шеберлик пенен ашып берген. Түс мотиви ҳаққында өзбек илимпазы Ж.Эшонқулов былай дейди: «Түс инсанды өтмиш ҳәм келешектен хабарландырады, умытылған кеширмелерди еске салады» [6:104].

Гүрриң сюжетиниң ашылыўында, ўақыялардың баянланыўында жазыўшының өзине тән стильге ийе екенлиги айқын сезиледи.

А.Пазыловтың «Ҳәзил» гүрриңиниң ўақыялары хроникалық сюжетке тийкарланған. «Хроникалық сюжетте қаҳарманның өмири, оның қәлиплесиўи ҳәм өсиў-өзгериўи избе-изликте бериледи. Бирақ сюжеттиң бул усылы бир қатар қыйыншылықлар менен байланыслы болып, бундай сюжетте жазыўшы характерлер тарийхына терең кирип бара алмайды». [2:41].

Гүрриңде дослар арасындағы қарым-қатнас мәселеси сәўлеленген. Жаңа лаўазымға көтерилген Әбдикәримниң ҳаялына жорасы Дәўлетбайдың ғыжақ бериўиниң ақыбетинде жүз берген ўақыялар сүўретленген.

«Институтта комиссия бар» [1:29] деп, ҳаялы Паршагүлди базарға жақынлатпастан жумысқа келген Әбдикеримди оқыў ислери бойынша проректор Полат Салиевич Гүлсара исмли оқыў бөлиминиң хызметкери менен қалаға дастурханға коятуғын затларды алып келиўге жумсайды. Базарда Гүлсара менен бирге жүрген күйеўин көрген Паршагүл ашыўланып, «үйге жақынлатып кетейин» дегенин тыңламай такси менен кетип қалады. Бул жағдайлардан хабар тапқан өзи менен дегише беретуғын жорасы Дәўлетбай кабинетине келип Паршагүлге телефоннан қоңыраў етип, Әбдикеримниң «жумыста көринбей атырғаны»н айтады.

Дәўлетбайдың «ҳәзили» себепли Әбдикерим басқа бир жорасының үйинде қонып шығыўға мәжбүр болады. Ертеңине кәтқудашылық етип Дәўлетбай үш жигит пенен Әбдикеримди ҳаялы Паршагүл менен жарастырыўға барады.

Гүрриңдеги ўақыялардың барлығы избе-изликте ашылып барады.

«Мәккар ҳаялдың ҳийлеси» гүрриңиниң сюжетинде концентрлик сюжет жетекшилик қылады. Гүрриң ўақыялары мәккар ҳаял Рәмиўзаның әтирапында сөз етиледи. Ол Оразға турмысқа шыққанында байлық арттырыўдай ғәрезли мақсетти гөзлейди. Концентрлик сюжетте ўақыялар себеп-ақыбет тәризинде, бир орайға жәмлестирилген ҳалда баян етиледи [7:80]

Күйеў баласы Базарбайдың ҳәр күни ишип келип қызы менен жәнжеллесиўи Рәмиўзаны қайтадан турмысқа шығыўға мәжбүр етеди. Буған қоңсы ҳаял Әзийма апа себепши болады. Ол өзиниң күйеўи Кәримбай менен кәсиплес жигит Ораз бенен таныстырады. Ораз ҳәр баласы ҳәр жақтан бетинен алып шаршатқан соң, ақыл-если ҳаялға үйленип, балаларынан бөлек, тыныш жасаўды мақул көрип, үйлениўди мақсет етеди. Тилекке қарсы, Рәмиўза Оразға турмысқа шыққаннан кейин нәпси ашылып, оған дәслеп жай алдырады, оны ремонтлатады ҳәм қызы менен күйеў баласын сол жайға бөлек шығарады. Күйеў баласына машын да алып береди. Өзлери Рәмиўзаның гөне жайына барып жасайды. Бул жайды да ремонлатып, Ораздың тыныш-татыў жасаўына қоймайды. Ҳәттеки, Ораздың киши майып баласы Меңлибектиң келиншеги қайтыс болғанында оны кудасының үйинен шығартады.

Рәмиўзаның унамсыз минез-қулқы, оның адамгершилигиниң төмен екенлиги төмендеги диалог арқалы да көзге тасланады:

« – Мен жақсы нийет пенен алған үйимнен өли шығартпайман, - деп гәпке араласты Рәмиўза. Сонда,

– Бизиң үйден шығара қояйық, - деди қудасы. Басқа илаж жоқ.

Үйге келгеннен кейин Ораз Рәмиўзаға қарап:

– Меңлибекке жай табылғанша кешеги алған төрт комнаталы жайымызда тура берсин. Мениң менен жумысқа бирге қатнайды, - деп еди.

– Ҳешқандай да, -деп дүрс еттирди Рәмиўза» [1:43]

Рәмиўза өзиниң қызы менен күйеў баласының «оты менен кирип, күли менен шығып отырса» да, Ораздың баласы менен ақлықларын таза жайға әкелдирмейди. Нөкистен жай сатып алып, оған да қәнәәт қылмастан, Ораздың айлығы ҳәм пенсиясын да қалдырмай саўып отырғанына түңилгенинен ақыры байлыққа берилген нәпсиниң қулы болған Рәмиўза менен ажырасып тынады.

Рәмиўза машын алыў нийетинде және турмысқа шығыўды мақсет етеди. Шығарма сюжетиндеги ўақыялардың раўажланыўында ғәрезли мақсетти ойлаған Рәмиўзаның ҳәрекетлери себеп болып, оның ақыбетинде Ораздың тәғдири аянышлы болып өтеди. «Қаҳарманның қатнасы себепли жүзеге келетуғын сюжет жағдайы, оның нәтийжесинде пайда болған коллизия ҳәм де коллизия себепли ҳәрекетке келиўши сюжет ўақыяларының усы тәризде бас қаҳарман характери менен өзара тығыз байланысы тәмийинленген» [8:78].

Гүрриңдеги сюжетлик ўақыялар терең ҳәм өткир сюжетке қурылған, Ораз бенен мәккар ҳаял Рәмиўзаның арасында келип шыққан конфликтлер терең ашып берилген. Бул арқалы қаҳарманлардың характерлери анықланған, яғный турмыста көп қыйыншылық көрген Ораздың шуртминез болғаны менен жәмийеттеги искерлиги, ақ көкирек, кеўилшек жигит екенлиги, Рәмиўзаның ҳийлекер, сумлықлы ҳаял, байлық ушын ҳеш нәрседен тайсалмайтуғынлығы, қоңсы ҳаял Әзийма апаның кеўли ашық, садалығы, Рәмиўзаның қызы Мийирбан менен күйеў баласы Базарбайдың да ғәрезли мақсет жолында арсыз, ҳийлекер екенлиги автор тәрепинен бир неше эпизодлар арқалы шеберлик пенен ашып берилген.

Жуўмақлап айтқанда, А.Пазыловтың гүрриңлерин таллай отырып, төмендегише жуўмақларға келдик:

1) А.Пазыловтың ҳәр бир гүрриңинде турмыс машқалалары терең ҳәм көркем сүўретленген болып, оқыўшы қәлбине терең ой салады. Жазыўшының бул шығармалары оның қәлеми ысылған, өзине тән индивидуал стильге ийе көркем сөз шебери екенлигинен дерек береди;

2) автор өз гүрриңлеринде шаңарақтағы келиспеўшиликлер, турмыс ғалма-ғалы сыяқлы мәселелерди жанлы мысаллар менен қарапайым сөйлеў тили талаплары тийкарында сүўретлеген;

3) гүрриңлери қурылысы бойынша ретроспектив лик, хроникалық ҳәм концентрлик сюжетке қурылыўы менен парықланады;

4) автор тәрепинен көркем сүўретлеў қураллары да қаҳарманлардың ҳәм персонажлардың әдебий келбетин ашып бериўде белгили образлы хызметти атқарып жумсалған.

**Әдебиятлар**


1. Пазылов А. Мәккар ҳаялдың ҳийлеси. – Тошкент: «Yangi kitob», 2020. 48-б.
2. Izzat Sulton. Adabiyot nazariyasi. –Toshkent: «O‘qituvchi», 2005. 272- b.
3. Қуронов Д. Адабиёт назарияси асослари. – Тошкент: 2008. 394-б.
4. Раҳимов А. Ўзбек романи поэтикаси (сюжет ва конфликт): филол. фан.д-ри...дисс. автореф. – Тошкент: 1993. 52-б.
5. Раҳимов А. Роман санъати. – Фарғона: 2001. 100-б.
6. Эшонқулов Ж. Фольклор: образ ва талқин. – Қарши: «Насаф», 1999. 172-б.
7. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент: «Шарқ», 2008. 368-б.
8. Шералиева М. Эркин Аъзам қиссаларида асосий сюжет вазиятлари//Илмий хабарнома АДУ, 2017 йил №3, 77-79-бб.
9. Тўраева Б. Тарихий романларда бадиий замон муаммоси: Филол. фанлари фал. д-ри (PhD) дисс... автореф. – Т.: 2018.
10. Ғуломов Д. Ретроспектив сюжет хусусида айрим мулоҳазалар. //FarDU. Ilmiy xabarlar. 2021 yil №4, 128-133-bb.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ҳикоялардаги сюжет хусусиятлари таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида А.Пазиловнинг ҳикоялари ўрганилган. «Туш», «Турсунбойнинг уйланиши, «Ҳазил» ва бошқа ҳикояларидаги сюжет яратишдаги муаллифнинг бадиий маҳорати мисоллар асосида таҳлилга олинган. Ҳикоялардаги қаҳрамон образини яратишдаги, туш мотиви, диалог ва бошқа тасвирий усулларини қўлланишдаги хусусиятлар ҳаётий воқеалар орқали берилиши илмий-назарий асосда таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются особенности сюжета в рассказах. В качестве объекта исследования были изучены рассказы А. Пазылова. На основе примеров проанализировано художественное мастерство автора в создании сюжета в рассказах «Сон», «Плач Турсунбая», «Прикол» и других рассказах. На научно-теоретической основе проанализированы особенности создания образа героя в рассказах, использования мотивов сновидения, диалога и других изобразительных приемов**.**

**SUMMARY.** The article analyzes the features of the plot in the stories. The stories of A. Pazylov were studied as an object of research. The artistic skill of the author in creating the plot in the stories "Tush", "Crying of Tursunboy", "Hazyl" and other stories was analyzed on the basis of examples. The characteristics of the creation of the hero‘s image in the stories, the use of dream motifs, dialogue and other pictorial methods have been analyzed on a scientific-theoretical basis.


## ДЎСТЛИККА КЎПРИК БЎЛГАН ИЖОД

(Рустам Мусурмон ижоди мисолида)


**Г.Қурамбоева -** *филология фанлари доктори, доцент*

*Тошкент педиатрия тиббиёт институти*



**Таянч сўзлар:** ижод, бадиий таржима, миллий колорит, образ, шеър, рамз, тасвир, табиат.

**Ключевые слова:** творчество, художественный перевод, национальный колорит, образ, стихотворение, символ, описание, природа.

**Key words:** creation, literary translation, national color, image, poem, symbol, image, nature.


Адабиётда, ижодда шундай анъаналар бўладики, ҳеч қачон эскирмайди, долзарблик хусусиятини, амалий аҳамиятини ҳам йўқотмайди. Шундай анъаналардан бири ҳар хил миллат ижодкорларининг шахсий дўстлиги, бир-бирларининг адабиётлари учун қилган ғамхўрликлари, ўзаро фикр, тажриба алмашишларининг фойдали жиҳатларидир. Бу анъанани ҳар томонлама қўллаб-қувватлаш барча қалам соҳиби учун ҳам масъулиятли вазифа.

Таниқли қозоқ адиби Мухтор Шаханов анча йиллар илгари адабий дўстлик ҳақида матбуотда шундай ёзган эди: “Адабиётнинг хизмати беқиёс. Улкан дарёлар бор. Улар ҳеч бир чегара, тўсиқни тан олмайдилар, турли мамлакатларни кесиб ўтиб барчасига баравар оби ҳаёт улашади. Улкан ёзувчилар ҳам ўшандай дарёларга ўхшаш. Истайсизми, истамайсизми, адабиётни алоҳида катта шахслар яратади. Катта шахсларнинг дўстлиги эса халқларнинг дўстлигига айланади. Шу маънода мен Ғафур Ғулом, Ойбек, Миртемир, Шайхзодалар билан Мухтор Авезов, Собит Муқанов, Ғабит Мусреповларнинг дўстлигига доимо ҳайрат билан қарайман. Ижодкор ўз шахсининг эмас, ўз халқининг манфаати учун ҳам бошқа халқлар вакиллари билан дўстлашишга мажбур”[1].

Адабиётларнинг бир-бирлари билан алоқа ўрнатишида алоҳида ижодкорларнинг воситачилик роли жуда муҳим. Ҳеч бир адабиёт бошқа бир адабиёт билан муайян шоир ёки ёзувчи шахсиятисиз алоқа ўрната олмайди. Зеро, уларни бир-бирлари билан боғлаб турадиган “кўприк” бу - конкрет шоир ёки ёзувчи, унинг асарлари. Бу жаҳон адабиёти тажрибасида синалган ҳақиқат. Шунинг учун ҳам бир адабиётнинг иккинчи бир адабиёт билан алоқалари тўғрисида сўз юритилганда, энг аввало, ўша адабиётдаги адабий дўстликка кўпроқ хизмат қилган ёки хизмат қилиб келаётган ижодкорнинг номи ва асарлари тилга олинади.

Ўз адабиётидан ташқари бошқа миллий адабиётларга ҳам хизмат қилиш ижодкор учун шараф. Бундай бахт ҳамма ижодкорга ҳам насиб этавермайди. Ўзбекистонда хизмат кўрсатган маданият ходими, Қорақалпоғистон халқ шоири Рустам Мусурмон ижоди бу борада кўпчиликка ибрат. У қорақалпоқ адабиётининг энг яқин қадрдони. “*Ўз шахсининг эмас, ўз халқининг манфаати учун*” бошқа халқлар, хусусан, қорақалпоқ адабиёти вакиллари билан дўстлашди. Р.Мусурмонни рамзий маънода икки қанотли қушга ўхшатсак, унинг бир қаноти шеърияти бўлса, иккинчи қаноти бадиий таржималари. Баъзан унинг таржималари шеърларидан ҳам кўпроқдек туюлади гўё. Жаҳон адабиёти, хусусан, болгар, венесуэла, поляк, фин, венгер шеъриятидан қилган таржималари унинг байналмилалчилик ва дўстлик ғояларига садоқатли, ижодий тақдирини бошқа адабиётлар билан ҳам боғлаб қалам тебратиб келаётган сўз устаси эканлигини исботлайди. Пабло Неруда, Пер Лагерквист, Арон Тамаши, Альваро Юнке, Онелио Хорхе Кордосонинг ҳикоя ва қиссалари, рус адабиётидан Марина Цветаева, Белла Ахмадуллина, Осип Мандельштам, Велимир Хлебников шеърлари, қорақалпоқ мумтоз шоирлари Ажиниёз, Бердақдан тортиб Ибройим Юсупов, Ўразбой Абдураҳмонов, Кенгесбой Каримов, Муратбой Низанов, Шароф Уснатдинов, Бахтиёр Генжемуратов, Соғинбой Иброҳимов, Шарапатдин Аяпов каби адибларнинг насрий ва назмий асарлари Р.Мусурмон таржимасида ўзбекча оҳангларда жаранг сочди. 2021